# KITAPXANADA QOLJAZBALAR FONDÍNÍŃ QÁLIPLESIW HÁM MÁDENIY MIYRASLARDÍŃ JÍYNALÍW TARIYXÍ

**Aytımova Dilbar Aymuratovna** – *docent*
dilbaraytimova@gmail.com
*ÓzMKÓMI Nókis filialı*

# ИСТОРИЯ ФОРМИРОВАНИЯ ФОНДА РУКОПИСЕЙ И СБОРА КУЛЬТУРНОГО НАСЛЕДИЯ В БИБЛИОТЕКЕ

**Айтымова Дилбар Айтмуратовна** – *доцент*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# HISTORY OF THE FORMATION OF THE MANUSCRIPTS FUND AND THE COLLECTION OF CULTURAL HERITAGE IN THE LIBRARY

**Aytimova Dilbar Aytmuratovna** – *Associate Professor*
*Nukus branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*

**Tayanısh sózler:** qoljazba fond, mádeniy miyras, kitapxana, arxiv, ilimiy dárekler.

**Rezyume.** Maqalada qoljazbalar fondınıń qáliplesiw tariyxı, onıń basqıshları hám rawajlanıw faktorları tallanǵan. Eń áyemgi dáwirlerden baslap, orta ásirler, jańa dáwir hám ǵárezsizlik jıllarında qoljazbalardı jıynaw, saqlaw hám izertlew procesi jarıtıp berildi.

**Ключевые слова:** рукописный фонд, культурное наследие, библиотека, архив, научные источники.

**Резюме.** В статье анализируется история формирования фонда рукописей, его этапы и факторы развития. Процесс сбора, хранения и исследования рукописей, начиная с древнейших времен, в средние века, в новую эпоху и в годы независимости, был освещён.

**Key words:** manuscript fund, cultural heritage, library, archive, scientific sources.

**Summary.** This article analyzes the history of the formation of the manuscript fund, its stages, and factors of development. The process of collecting, preserving, and researching manuscripts from ancient times through the Middle Ages, the new era, and the years of independence was highlighted.

Hár bir civilizaciyalı jámiyet ushın milliy mádeniyat hám ruwxıy miyrastı saqlaw hám rawajlandırıw áhmiyetli wazıypalardıń biri bolıp esaplanadı. Xalıqtıń dúnyaǵa kózqarası, tariyxı, ruwxıy qádiriyatları onıń mádeniyatı hám ádebiy miyrasında sáwlelenedi. Usı kózqarastan, xalıq awızeki ádebiyatı hám qoljazbalar-ótmish penen búgindi baylanıstıratuǵın, tariyxıy haqıyqattı anıqlaw imkaniyatın beretuǵın áhmiyetli derekler bolıp esaplanadı.

Jańa jámiyetti qurıwda, ózimizdiń milliyligimizdi tiklewde xalıqtıń ruwxıy baylıǵına súyeniw mámleketimiz siyasatınıń baslı baǵdarlarınıń biri etip belgilengen. Házirgi dáwirde watan tariyxınıń hár qıylı dáwirlerindegi sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy processlerdi dáslepki maǵlıwmatlar tiykarında úyreniw ayrıqsha áhmiyetke iye. Bunday izertlewler haqıyqıy tariyxıy juwmaqlar shıǵarıw, milliy miyrastı ilimiy jaqtan bahalawǵa jol ashadı. Elimiz tariyxınıń túrli dáwirlerdegi turmısın úyreniwde kitapxanalarda saqlanıp atırǵan qoljazbalardıń ornı ayrıqsha.

Qoljazbalar - adamzattıń mádeniy miyrasınıń ajıralmas bólegi bolıp, olardı saqlaw hám úyreniw jáhán ilimiy jámiyetshiliginiń tiykarǵı wazıypalarınıń birine aylandı. Qoljazbalar fondın qáliplestiriw processi jámiyettiń rawajlanıwı hám mádeniy faktorlarǵa, sonday-aq, jazıw mádeniyatı hám ilim-bilimniń rawajlanıwına baylanıslı bolǵan. Jazba miyraslar ilim, ádebiyat, din hám filosofiya tarawlarındaǵı tariyxıy jetiskenliklerdi búgingi áwladqa jetkerip beretuǵın bahalı derek bolıp esaplanadı.

Xalıq awızeki ádebiyatı bolsa millettiń ruwxıy dúnyasın, dúnyatanımın hám turmıslıq tájiriybesin sáwlelendiretuǵın kórkem miyras. Usı qóz qarastan, qaraqalpaq xalqınıń folklorlıq miyrasların jıynaw, saqlaw hám úyreniw, sonday-aq, qoljazbalar fondınıń qáliplesiw tariyxın izertleў ilimiy jaqtan áhmiyetli baǵdarlardıń biri bolıp tabıladı. Bul izertlewdiń maqseti jazba mádeniy miyraslardıń jıynalıw tariyxı hám saqlanıwın Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń fundamental kitapxanası fondı tiykarında kórip shıǵıw, sonday-aq, qoljazbalardıń tariyxıy-mádeniy hám ilimiy áhmiyetin anıqlawdan ibarat.

Qoljazbalardıń dáslepki úlgileri jazıwdıń payda bolıw dáwirlerine tiyisli. Biziń eramızǵa shekemgi

ásirlerde papirus hám pergamentke jazılǵan jazıwlar dáslepki qoljazbalar sıpatında qáliplesken. Islam civilizaciyasınıń rawajlanıwı qoljazba mádeniyatınıń jańa basqıshqa kóteriliwine xızmet etti. Arab álipbesiniń keń tarqalıwı, qaǵaz islep shıǵarıwdıń hám kitap dóretiwshiliginiń rawajlanıwı qoljazbalar sanınıń artıwına tiykar boldı.

Oraylıq Aziya aymaǵında zardushtiylikke baylanıslı maǵlıwmatlar, áyyemgi túrkiy estelikler hám buddalıq tekstler qoljazba túrinde saqlanǵan. Bul dáwirde qoljazbalar diniy hám basqarıwshılıq áhmiyetke iye edi. IX-XV ásirlerde Oraylıq Aziya iri ilimiy hám mádeniy orayǵa aylanıp, qoljazbalar medreseler, meshitler hám saray kitapxanaları arqalı keńnen tarqatıldı. Bul dáwirde fondlar ilimpazlar hám oyshıllardıń jeke toplamları tiykarında qáliplesti.

Elimizde XVIII-XIX ásirlerde qoljazbalardı sistemalı toplaw hám saqlaw jumısları baslandı. Kitapxana hám muzeyler fondları qáliplese basladı. XX ásirde qoljazbalar oraylastırıldı, kataloglastırıw hám restavraciya jumısları ámelge asırıldı. Qoljazbalar fondları usı baylıqlardı sistemalı ráwishte saqlaw hám áwladlarǵa jetkiziw wazıypasın atqaradı. Qaraqalpaqlar tek Oraylıq Aziyada ǵana emes, al ulıwma dúnyajúzi xalıqları arasında da óziniń milliy mádeniyatı, dástúrleri, úrp-ádetleri menen keskin ajıralıp turatuǵın, oǵada bay ruwxıy qádiriyatlarǵa iye xalıq bolıp esaplanadı. Óziniń áyemgi hám biytákirar mádeniyatı menen jáhán civilizaciyasına úlken úles qosqan ata-babalarımız júdá kóp túrli janrlardan ibarat folklor dástúrlerin jaratqan. Tariyxtı úyreniwde ótmishtiń haqıyqıy guwaları bolǵan qoljazbalar hám olar saqlanatuǵın fondlardıń áhmiyeti teńsiz. Usınday fondlardıń biri Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi kitapxanasınıń qoljazbalar fondı bolıp esaplanadı.

Qoljazbalar qorında búgingi kúnge deyin jıynalǵan xalıq awızeki dóretpeleriniń barlıq janrdaǵı úlgileri saqlanadı. Olardıń ayrımları eski tasbaspa hám qoljazba dereklerden alınǵan fotokóshirmelerdiń nusqaları bolsa, geyparaları arab-parsı tillerindegi kalligrafiyalıq nusqalardan yamasa baspa júzin kórgen eski kitaplardan ibarat. Milliy qoljazbalar qorınıń tiykarın ekspediciyalar hám dala jazıwları barısında jıynalǵan maǵlıwmatlar quraydı. Bular informatorlardan jazılıp alınǵan, informatorlardıń ózleri jazıp tapsırǵan hám basqada materiallardan ibarat.

Qaraqalpaq xalıq awızeki ádebiyatın jıynaw hám járiyalaw jumısları tiykarınan úsh siyasiy dáwirdi óz ishine aladı. Birinshisi, Patsha Rossiyası dáwiri hám xanlıq dáwir. XVIII ásirdiń birinshi yarımınıń sońǵı jılları hám ekinshi yarımı, XIX ásir tolıǵı menen, XX ásirdiń dáslepki jılları arnawlı túrdegi ekspediciyalar bolmasada, belgili maqsetler menen Oraylıq Aziyaǵa kelgen injenerler, topograflar hám áskeriy xızmetkerler tárepinen xalqımızdıń ruwxıy miyraslarına tiyisli maǵlıwmatlar azlap bolsada jıynalǵan. Máselen 1740–1741-jılları Orskten Xiywaǵa shekem sayaxat saparında Muravin hám Gladıshevlar Sırdárya qaraqalpaqlarınan xalıq awızeki dóretpeleriniń birneshe úlgilerin jazıp aladı. Bunnan keyin P.Rıchkov, N.Karazin, A.Rossikova, Sh.Wáliyxanov, A.Kun, Riza Kuli Mirza, I.Belyaev, A.Divaev hám taǵı basqalar bir qansha folklorlıq materiallardı jıynawǵa,olardan úzindilerdi járiyalawǵa erisedi [1.3]. Qaraqalpaq folklorı úlgilerin kompleksli túrde jıynaw jumısları 1926-jılı N.A.Baskakov, 1927-jılı A.S.Morozova, 1929-jılı A.L.Melkov, 1930-jılı S.E.Malov, 1932-jılı A.Sokolov qatnasıwındaǵı birneshe folklorlıq hám dialektologiyalıq ekspediciyalar shólkemlestirilip, olar qaraqalpaq xalıq dóretpeleriniń barlıq túrlerinen úlgiler jıynawǵa erisedi [1.17]. Belgili tyurkolog alım N.A.Baskakov kórnekli tilshi-alım S.E.Malov basshılıǵındaǵı ekspediciyaǵada qatnastı. S.E.Malovtıń sol ekspediciya juwmaqları boyınsha jazǵan “Zametki o karakalpakskom yazıke” atlı miynetinde balalardıń barmaqtartpay oyınında aytılatuǵın atamalarǵada dıqqat awdarılǵan. 1896-jılı belgili folklorist, etnograf A.A. Divaev Tórtkúlde jasawshı Jiemurat Bekmuxammed ulınan “Alpamıs” dástanın jazıp alıp, onıń birinshi bólimin 1901-jılı Tashkentte qaraqalpaq hám rus tillerinde baspadan shıǵaradı. I.A.Belyaevtıń 1903-jılı qaraqalpaq folklorın jıynaw hám izertlew ushın Qaraqalpaqstanǵa keliwi milliy folklorımızdı izertlewdegi dáslepki qádemi boldı. Ol “Edige”, “Qoblan”, “Qaraqalpaqlardıń shejiresi” sıyaqlı epikalıq shıǵarmalardı jıynap, rus tiline awdarıp, 1917-jılı Ashxabadta basılıp shıqqan “Rus arxeologiyalıq jámiyetiniń májlisi hám qararları bayannaması”nda járiyaladı. 1926-jıldan baslap professor N.A. Baskakov Qaraqalpaqstanǵa kelip, respublikanıń arqa rayonlarında kóplegen folklorlıq materiallar jıynadı. Q.Ayımbetov 1929-jılı avgust ayında ekspediciya baslıǵı A.L. Melkov penen birge Shımbay qalasında etnografiyalıq ekspediciyada júrip, Erpolat jırawdan “Edige” dástanın tórt kún dawamında jazıp alıp, bul qoljazbanı Leningradqa pochta arqalı jiberedi. Bul qoljazba ózinde qalmaǵanı sebepli, 1934-jılı ekinshi ret “Edige” dástanın jazıp aladı hám 1935-jılı Moskvadaǵı “Kórkem ádebiyatlar” baspaxanasında basıp shıǵaradı. K.Ayımbetov

1934-jılı Shımbay qalasında Tóre jırawdan “Máspatsha” dástanın, Xojambergen jıraw Niyaz ulınan (Ógiz jıraw) “Alpamıs” dástanın eski arab imlasında jazıp aladı. 1930-jılı Qaraqalpaqstanǵa S.E. Malov basqarǵan ekspediciya kelip,oǵada kóp folklorlıq materiallar jıynap aldı [1,141]. 1937-jılı Qaraqalpaqstan Ekonomika hám mádeniyat ilim-izertlew institutınıń ashılıwı menen qaraqalpaq folklorı materialların jıynaw máselesi jańa basqıshqa kóterildi.

Usı iygilikli iske xalıq awızeki dóretiwshiligi menen kızıǵıwshı Q.Ayımbetov, O.Kojurov, Sh.Xojaniyazov, S.Máwlenov hám basqalar qatnastı. 1959-jılı Tariyx, til hám ádebiyat ilim-izertlew institutınıń shlkemlestiriliwi menen xalıq awızeki dóretpelerin jıynaw isiniń kelesi dáwiri baslandı. Jergilikli kadrlar qatarınıń ósiwi, olardıń milliy ruwxıy miyraslardı jıynawǵa belsendi túrde aralasıwı arqasında bul ádiwli wazıypa inabatlı atqarıldı [1,18]. 1947-jılı Qaraqalpaq kompleksli ilim-izertlew institutı shólkemlestirilgen. Sońınan 1959-jılı Ózbekstan SSR Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan filialı dúzilgen. Filial quramında Folklor sektorı jumıs alıp bara baslaǵan. 1940-1970-jılları aralıǵında N.Dáwqaraev atındaǵı Til hám ádebiyat institutı folklor sektorınıń, sońınan folklor bólimniniń qániygeleri tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikasınıń aymaqları hám Ózbekstannıń qaraqalpaqlar jasawshı Buxara, Samarqand, Ándijan, Namangan oblastlarına folklorlıq ekspediciyalar shólkemlestirilgen. Usı ekspediciyalar dawamında xalıq arasınan qaraqalpaq folklorlıq miyrasına tiyisli ekspediciya materialları jıynalǵan. Sońınan bólimde folklorlıq materiallar qoljazbalar fondı dúzilgen.

Qaraqalpaq jıraw-baqsılarınan 150 nusqa qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń tekstleri, sonday-aq, qaraqalpaq jıraw-baqsılarınıń atqarıwındaǵı qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń audio jazıwları ámelge asırılǵan. Usı audio jazıwlar tiykarında bólimde Milliy muzıka fondı shólkemlestirilgen. Instituttıń qaraqalpaq folklorı bóliminiń janındaǵı dawıs jazıw studiyasında 1960- jılları jazıp alınǵan jırau-baqsılardıń repertuarları jańa lentalarǵa kóshirildi [2.113]. Ótken ásirdiń 20-jıllarınan baslap 1990-jılǵa shekemgi aralıqta qaraqalpaq folklorınıń eń jaqsı úlgileri jıynaldı hám olardıń tańlawlıları baspadan shıǵarıldı. Ásirese 1920-jıllardıń ózinde-aq xalıq dástanların, ertekler,naqıl-maqallar,xalıq qosıqların jazıp alıw jumısları qolǵa alına baslaǵan edi. Bul baǵdarda sol dáwirdiń zıyalı alımları - Qallı Ayımbetov, Sádirbay Máwlenov, Shámshet Xojaniyazov hám taǵı basqalar belsendilik kórsetti. Sál keyinirek Nikolay Aleksandrovich Baskakovtıń qaraqalpaq tilin izertlew máseleleri boyınsha jıynalǵan maǵlıwmatlarınıń barlıǵı derlik xalıq awızeki dóretpeleriniń úlgilerinen ibarat boldı hám kópshiligi transkripciyalangan túrinde jarıq kórdi. Sonday-aq, Seyfulǵabit Májitov, Nájim Dáwqaraev, Asan Begimov, Qasım Áwezov, Nawrız Japaqov sıyaqlı milliy folklorımızdıń janashırları olardı jıynaw menen birgelikte baspada járiyalaw jumısların alıp bardı.

Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerin jıynaw jumısları hár qanday tosqınlarǵa qaramastan, milliy folklorımızdıń hasıl úlgileri xalıq miyrası sıpatında jıynala basladı. Jergilikli millet qánige-alımlarınan Q.Ayımbetov bir qatar dástanlardı, ańız-áńgimelerdi, naqıl-maqallardı xalıq awzınan jıynap alıwǵa hám olardıń geyparaların járiyalawǵa eristi. Soń bul jumıs Sádirbay Máwlenov, Shámshet Xojaniyazov sıyaqlı xalıq awızeki ádebiyatınıń hám klassikalıq ádebiyattıń jankúerleri tárepinen jáne de keń háwij alıp, ádewir alǵa ilgeredi.

Jıynalǵan maǵlıwmatlar tiykarında folkloristikalıq baǵdardaǵı dáslepki ilimiy baqlawlar, pikirler, jumıslar júzege keldi. Usınday millet mápi ushın xızmet etetuǵın yigilikli izertlewlerdiń baslawshıları Nájim Dáwqaraev, Qallı Ayımbetov, Orınbek Kojurov sıyaqlı záberdes alımlar boldı. Usı tarawda olardıń izbasarları sıpatında is alıp barǵan hám qaraqalpaq folkloristikası ilimin rawajlandırǵan Qabıl Maqsetov, Nawrız Japaqov, Qırıqbay Bayniyazov, Artıq Kárimov, Qalbay Mámbetnazarov, Aydar Murtazaev, Minajatdin Nizamatdinov, Tórebay Nietullaev, Ásen Alımov, Sarıgúl Bahadırova hám basqada kóplegen alımlardıń xızmetleri ayrıqsha kózge taslandı. Olar milliy folkoristika iliminde úyreniliwi tiyis bolǵan mashqalalı máselelerdiń betin ashıwǵa hám qaraqalpaq awızeki dóretpeleriniń dúnya júzlik kólemdegi ornın belgilep beriwe eristi. “Qırıq qız” hám “Edige” dástanları boyınsha xalıqaralıq ilimiy-teoriyalıq konferenciyalar shólkemlestirilip, qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy miyrasların dúnya júzlik kólemde úyreniwge jol ashıldı.

Xalıq arasınan jazba ádebiy miyraslardı jazıp alıwda hám koljazbalar fondınıń qáliplesiwinde K.Ayımbetov, Sh.Xojaniyazov, S.Máwlenov, T.Safiev, A.Kárimov, Q.Maqsetov, A.Jamalov, A.Begimov, N.Japaqov, Á.Shamuratov, A.Áliev, Q.Bayniyazov, Á.Sultanov, K.Naǵımov, K.Ábibullaev, Q.Mámbetnazarov, Q.Ábdijamilov, G.Esemuratov, S.Beknazarov, M.Seytniyazov, Ó.Erpolatov, B.Sayıpnazarov, Á.Jamalov, S.Sadıqov, Z.Qosjeterov, B.Sayıpnazarov, A.Jamalov, U.Dosjanov, A.Ábdireymov, R.Xojambergen, J.Xoshniyazov, K.Kelimbetov, J.Ábdikarimov, R.Qayıpnazarov, N.Óteniyazov,

B.Eshimbetov, K.Ernazarov sıyaqlı millet mánawiyatınıń jankúerleriniń miyneti ayrıqsha .

Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı házirgi kúnge shekem respublika aymaǵında hám elden tısqarı orınlarǵa folklorlıq ekspediciyalar shólkemlestirip, sonıń barısında bir qatar xalıq awızeki úlgilerin, dóretpelerin, basqa da qızıqlı materiallar toplaǵan. Bul materiallar Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi fundamental kitapxanasınıń qoljazba fondınıń tiykarǵı bólegin quraydı. Qoljazbalar fondınıń qáliplesiwinde Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi ilimpazlarınıń miynet ullı hám olar tárepinen jıynap alınǵan jazba hám awızeki miyraslar ásirler dawamında keleshek áwladlarǵa xızmet etiwi sózsiz.

Juwmaqlap aytqanda, jazba mádeniy miyraslardıń jıynalıw tariyxı hám saqlanıwı - xalıqtıń ruwxıy hám mádeniy rawajlanıwın belgileytuǵın áhmiyetli ilimiy process bolıp esaplanadı. Qoljazbalar hám folklorlıq maǵlıwmatlar ásirler dawamında xalıqtıń tariyxıy yadın hám dúnya tanımın saqlap, búginge shekem bahalı málimleme deregi sıpatında jetip kelgen. Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń fundamental kitapxana fondı bul baǵdardaǵı eń áhmiyetli ilimiy oraylardan biri bolıp esaplanadı. Onda saqlanıp atırǵan jazba hám awızeki miyraslar milliy mádeniyattı úyreniwge, tariyxıy dereklerdi sistemalastırıwǵa hám ilimiy aylanısqa kirgiziwge úlken imkaniyat jaratadı.Sonlıqtan, jazba mádeniy miyraslardı saqlaw, izertlew, sanlastırıw hám keleshek áwladqa jetkeriw búgingi ilim hám mádeniyat aldındaǵı eń áhmiyetli wazıypalardıń biri bolıp qaladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Xalıq awızeki dóretiwshiligi milliy hám ulıwma insanıy qadriyatlar sistemasında. – Nókis: 2015. –176.

2. Tezisı Respublikanskoy nauchno-prakticheskoy konferencii “Nauka Karakalpakstana vchera,segodnya,zavtra”,posvyashennoy 50-letiyu Karakalpakskogo otdeleniya Akademii nauk Respubliki Uzbekistan. -Nukus: Ilim, 2009. -192 s.

3. O‘zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi ijtimoiy –gumanitar fanlar kompleksi muassasalarini rivojlantirish konsepciyalari. - Toshkent: 2006. -175 b.

4. O‘zbek folklori kontekstida Buxoro folklorini regional to‘plash va o‘rganish muammolari. - Buxoro: 2010. -212 b.